# Alıs aymaqlardıń ishimlik suw támiyinatı jaqsılandı

Usı jıl dawamında Aral boyı xalqın rawajlandırıw qorı esabınan Taxtakópir rayonı "Jańadárya" awıl puqaralar jıyınındaǵı suw dushshılandırıwshı úskenesi (EKOS) menen suw tarmaǵına 1 mlrd. 590 mln sum, "Marjankól" awılına bolsa ulıwma 6mlrd 300 mln sumlıq rekonstrukciya jumısları alıp barıldı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Búgin Birlesken Milletler shólkemi esabınan qurılıs jumısları ámelge asırılǵan "Beltaw" APJ aymaǵındaǵı  "Taza qonıs" awılınıń suw tarmaqlarına 1 mlrd 58 mln sumlıq rekonstrukciya jumısları juwmaqlanıp, EKOS awıl xalqı ushın paydalanıwǵa tapsırıldı. Nátiyjede "Beltaw" awılında 165 xojalıq taza ishimlik suwı menen támiyinlenedi.
Jańa qurılıs úskenesiniń iske qosılıw saltanatına rayon hákimi J.Adilov,  Ózbekstan Respublikasınıń Germaniyadaǵı Ayrıqsha hám tolıq huqıqlı elshisi Kasimov Nabijon Sadikjonovich qatnastı.

Rayon hákimliginiń Málimleme xızmeti